NEW YORK STATE | Office for People With Developmental Disabilities

ELIJIBILITE POU SÈVIS OPWDD YO

Enfòmasyon Enpòtan – Fevriye 2026

(Ranplase vèsyon desanm 2021 an)

OPWDD, atravè Biwo Rejyonal pou Andikap Devlòpmantal (Developmental Disabilities Regional Offices, DDRO) li yo, detèmine si yon moun gen yon andikap devlopmantal epi si li elijib pou sèvis OPWDD finanse yo. Fèy enfòmasyon sa a eksplike Pwosesis Detèminasyon Elijibilite an Twa Etap la epi li dekri kalite enfòmasyon OPWDD bezwen pou detèmine elijibilite yon moun ki gen yon andikap devlòpmantal.

Tanpri sonje menm lè yo detèmine yon moun gen yon andikap devlòpmantal, moun nan ka pa elijib pou ***tout*** sèvis OPWDD finanse yo. Kèk sèvis OPWDD finanse mande revizyon siplemantè ki pa dekri nan fèy enfòmasyon sa a.

PWOSESI DETÈMINASYON ELIJIBILITE

Demann Elijibilite

Fòm Transmisyon pou Detèminasyon Andikap Devlòpmantal la ***https://opwdd.ny.gov/transmittal-determination-developmental-disability*** dwe akonpaye tout demann yo voye bay DDRO pou detèminasyon elijiblite. **Dokiman yo mande** ki dekri nan paj 2 nan Fèy Enfòmasyon sa a, dwe enkli tou kòm yon pati nan demann elijibilite a. Enfòmasyon sou elijibilite a disponib atravè Sèvis Akèy (Front Door) OPWDD. Ou ka jwenn yon lis kontak pou Sèvis Akèy yo isit la: https://opwdd.ny.gov/contact-us. **Pwosesis elijiblite OPWDD la kòmanse lè ou kontakte Sèvis Akèy OPWDD a.**

Pwosesis Revizyon an Twa Etap

Pwosesis pou detèmine elijibilite a ka gen plizyè etap revizyon, epi li fèt pou asire chak moun resevwa yon revizyon ki jis ak konplè.

Revizyon 1ye Etap

Nan Premye Etap la, anplwaye DDRO yo revize demann elijiblite a epi yo asire li konplè. Aprè premye revizyon sa a, DDRO enfòme moun nan alekri ke:

(a) Yo konfime Elijiblite oswa Elijiblite Pwovizwa; oswa

(b) Demann lan pa konplè epi li bezwen plis dokiman; oswa

(c) Y ap voye demann lan pou yon Revizyon Dezyèm Etap

Revizyon 2yèm Etap

Si yo voye demann elijibilite a pou yon Revizyon Dezyèm Etap, yon komite klinisyen DDRO ap evalye demann lan. Y ap revize tou tout enfòmasyon siplemantè moun nan te bay. Y ap voye yon lèt bay moun nan pou fè l konnen si komite a bezwen plis enfòmasyon, ki kalite enfòmasyon egzakteman yo bezwen, ak dat limit pou DDRO resevwa enfòmasyon yo mande a.

Lè Revizyon Dezyèm Etap la fini, DDRO ap voye bay moun nan yon avi alekri sou desizyon an. Si komite a detèmine moun nan pa gen yon andikap devlòpmantal, moun nan *pa elijib* pou sèvis OPWDD yo. Avi alekri a ap bay rezon pou desizyon an, epi l ap ofri moun nan opsyon pou:

(a) Rankontre ak anplwaye DDRO yo pou diskite sou desizyon an ak dokiman yo te revize yo; epi

(b) Mande yon Revizyon Twazyèm Etap; epi

(c) Mande yon Odyans San Patipri Medicaid (si yo t ap chèche sèvis Medicaid finanse)

Moun nan ka chwazi nenpòt oswa tout opsyon sa yo. Si yo mande yon Odyans San Patipri, yon Revizyon Twazyèm Etap ap fèt otomatikman.

Tanpri sonje y ap voye yon Avi Desizyon ki ofri yon Odyans San Patipri sèlman si moun nan te mande sèvis Medicaid finanse sou ***Fòm Transmisyon pou Detèminasyon Andikap Devlòpmantal la.***

Revizyon 3yèm Etap

Revizyon Twazyèm Etap la fèt atravè yon Komite Revizyon Eljibilite endepandan, ki gen pwofesyonèl ki gen lisans, epi ki pa t patisipe nan Revizyon Premye ak Dezyèm Etap yo. Komite a ap revize demann eljibilite a epi li bay rekòmandasyon bay kowòdonatè Revizyon Dezyèm Etap DDRO a. Direktè DDRO a (oswa moun yo deziyen an) konsidere Rekòmandasyon Twazyèm Etap yo, epi yo enfòme moun nan sou rezilta yo, sa ki enkli tout chanjman nan detèminasyon DDRO a. Revizyon Twazyèm Etap yo fini anvan dat Odyans San Patipri a.

DOKIMAN YO MANDE POU DEMANN DETÈMINASYON ELIJIBILITE

DDRO a mande enfòmasyon espesifik pou detèmine si yon moun elijib pou sèvis OPWDD yo. Dokiman yo mande yo gen ladan (tanpri gade tou Anèks A " Lis Verifikasyon Demann lan " nan Gid Eljibilite OPWDD a: https://opwdd.ny.gov/regulations-guidance/adm-2023-02-opwdd-eligibility-determination-process:

- Yon rapò sikolojik ki gen ladan yon evalyasyon fonksyònman entelektyèl ("tès QI"). Rapò sa a dwe gen tout nòt rezime yo ki soti nan evalyasyon an (Nòt Echèl Konplè, Nòt Endèks, Nòt Pasyèl ak Nòt Soutès yo)
- Yon rapò entèpretatif sou yon evalyasyon estandadize konplè sou konpòtman adaptatif (pa yon vèsyon kout ni limite nan nivo "domèn"), ki gen ladan nòt rezime, nòt konpoze, nòt echèl, ak nòt domèn yo
- Pou kondisyon ki pa andikap entelektyèl, yon rapò medikal oswa rapò espesyalis ki gen ladan eta sante ak rezilta dyagnostik pou sipòte dyagnostik la
- Yon rezime egzamen fizik oswa medikal (Rapò medikal jeneral ki te fèt nan 12 mwa ki sot pase yo)
- Yon istwa sosyal/devlopmantal, rapò sikososyal oswa lòt rapò ki montre moun nan te vin andikape anvan 22 ane (sòf si sa deja enkli nan lòt rapò yo)
- Evalyasyon sosyal (https://opwdd.ny.gov/adm-2020-04-social-evaluation-requirements-initial-level-care-eligibility-0)

Nan kèk ka, DDRO ka mande plis enfòmasyon pou detèmine elijbilite. DDRO ka mande plis enfòmasyon oswa evalyasyon siplemantè, epi li ka swa rekòmande kote yo ka fè lòt evalyasyon yo oswa òganize pou yo fèt.

MEZI AKSEPTAB POU KONPÒTMAN ENTÈLEKTYÈL AK KONPÒTMAN ADAPTATIF*

Tanpri sonje: yo atann evalyasyon aktyèl/oswa ajou sou fonksyònman entelektyèl oswa adaptatif yo baze sou dènye edisyon enstriman estandadize yo itilize a.

Yo aksepte tout mezi sa yo pou fonksyònman entelektyèl:

- Seri Echèl Entèlijans Wechsler
- Echèl Standford-Binet
- Echèl Pèfòmans Entènasyonal Leiter
- Sèri Echèl Entèlijans Kaufman

*Yo *ka* aksepte lòt tès entèlijans ak evalyasyon konpòtman adaptatif si yo konplè, estriktire, estandadize, epi yo gen nòm popilasyon jeneral ki ajou

- Yo ka administre tou kout oswa yon fason pasyèl mezi entèlektyèl konplè yo sèlman nan ka kote li *pa posib* pou yo fè tès estandadize a
- Yo pa aksepte mezi entèlijans abreje (tankou WASI, K-BIT) kòm sèl mezi pou fonksyònman entelektyèl
- Enstriman san langaj (tankou Leiter, CTONI) ansanm ak eleman pèfòmans yon tès QI konplè ap konsidere pou moun ki pa pale anglè, ki soud, oswa ki pa pale
- Yo pa ka bay tès entèlijans fòmèl an anglè yo nan yon lòt lang lè y ap itilize yo pou fè revizyon pou detèminasyon elijibilite

Yo aksepte tout mezi sa yo pou konpòtman adaptatif pou evalyasyon aktyèl yo:

- Sistèm Evalyasyon Konpòtman Adaptatif
- Echèl Konpòtman Adaptif (sèlman nan nivo konplè)
- Domèn Konpetans Mòtè *sèlman* nan Echèl Evalyasyon Endepandan yo
- Rezilta ki soti nan enstriman ki pa sou lis sa a, men ki te fèt anvan moun nan te rive atenn 22 ane, ka itilize pou etabli yon antesedan pase sou defisi adaptatif pandan peryòd devlopmantal la

Evalyasyon mezi konpòtman adaptatif yo dwe reflete konpòtman reyèl, ***nòmal*** moun nan, pa pi bon konpòtman li nan sikonstans ideyal, oswa konpòtman li kapab fè sèlman avèk asistans.

Se pwofesyonèl ki fòme pou itilize yo sèlman ki dwe fè tès sou konpòtman adaptif yo, pandan y ap swiv nòm ki dekri nan manyèl chak enstriman.